**World Conference on Agricultural and Earth Sciences**
Hosted Online from Istanbul, Turkey
Date: 20th May, 2026
Website: https://econferencia.com

# ÁDEBÍYAT SABAQLARÍNDA ÁDEP-IKRAMLÍLÍQ TÁRBIYASÍ

Shamuratov Marat Xalmuratovich
Nawayı mámleketlik universiteti docent,
filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD)

**Таяныш сөзлер:** сабақ өтиў барысы, әдебият, образ, дөретиўшилик, стиль, метод, жанрлар, тәлим, көркем шығарманы таллаў.

**Калит сўзлар:** дарс жараёни, адабиёт, образ, ижоди, стиль, метод, жанрлар, таълим, бадиий асар таҳлили.

**Ключевые слова:** процесс урока, литература, образ, творчество, **с**тиль, метод, жанры, обучение, разбора художественных произведении.

**Key words:** the process of the lessons, literature, character, creative work, style, method, writing, genres, training, analysis of works of art**.**

Mámleketimizde «Ulıwma orta bilim beriwdiń mámleketlik bilimlendiriw standartları», «Bilimlendiriw haqqında»ǵı Nızam qabıllanǵannan keyin bilimlendiriw tarawında bir qatar unamlı jańalıqlar bola basladı. Bul tarawda oqıtıw metodı dúnya júzlik ólshemge muwapıq jańalanıp barıwdı talap etedi. Usı kórsetilgen wazıypalardı orınlawda milliy baǵdarlamaǵa tiykarlanǵan jańa pedagogikalıq texnologiyanı islep shıǵıw, jetilistiriw hám onı ámelge asırıw, qollana biliwge ayrıqsha dıqqat awdarılmaqta. Oqıwshı jaslardı bilim negizleri menen qurallandırıw jumısların jetilistiriw, bul islerdi zaman talabına sáykes etip qayta qurıw házirgi dáwirdiń aldımızǵa qoyıp atırǵan tiykarǵı wazıypalardan boldı. Bilimlendiriw tarawındaǵı reformalastırıw talaplarına sáykes mekteplerde

ádebiyattı oqıtıwdıń usıl hám metodların jetilistiriw ayrıqsha áhmiyetke iye. Jámiyetimiz mektepten jas áwladlardı óz ana tilin, onıń ádebiyatı menen mádeniyatın, úrp-ádeti menen salt-dástúrin jetik biletuǵın, óz boyına sińirgen sawatlı, mádeniy oy-órisi hár tárepleme jetilisken bilimge iye etip tayarlawdı negizgi wazıypa etip belgilep otır. Demek, bunnan kelip shıǵatuǵın tiykarǵı juwmaq – mektepte oqıwshılarǵa ádebiyattı eń aldı menen xalıq ómiriniń aynası, ruwxıy baylıǵımız sıpatında túsindiriwimiz tiyis.

Joqarı klass oqıwshıları ushın Jiyen Amanlıq ulınıń "Posqan el" poeması, Kúnxojanıń "El menen", Ájiniyazdıń "Bozataw" poeması, Berdaqtıń "Shejire", "Ernazar biy", Qaraqalpaq hám ózbek ádebiyatında hayallar dóretiwshiligi. Nadirabegim, Sápiwra Jayılbek qızı, XVIII-XIX ásirlerde jáhán ádebiyatınıń rawajlanıw baǵdarları, A.S.Pushkinniń "Baxshasaray fontanı", "Seyfulǵabit Májitovtıń "Iniyat bolısqa", "Qız-kelinsheklerge" qosıqları, Máwdid Bekmuxammed ulınıń dóretiwshiligi, Q.Áwezovtıń "Tilek jolında" (dramadan úzindi), Abdurauf Fitrattıń "Abılfayzxan" (dramadan úzindi), Erix Mariya Remarktıń "Batıs frontta ózgeris joq" (romannan úzindi), qosımsha oqıw ushın Abdulla Qadiriydiń "Ótken kúnler" (romannan úzindi), S.Bahadırovanıń "Anama xat" gúrrińlerin oqıtıw arqalı oqıwshılardıń qálbinde ruwxıy-ádep-ikramlılıq túsiniklerin qaliplestiriw úlken áhmiyetke iye. Keleshek áwladtı hár tárepleme jetilisken, kámil insan dárejesinde tárbiyalawǵa baylanıslı mámleketlik siyasattı ámelge asırıwdı ruwxıy-ádep-ikramlılıq tárbiyasız kóz aldımızǵa keltirip bolmaydı. Sebebi, úzliksiz bilimlendiriw sistemasınıń barlıq buwınlarında, atap aytqanda, ulıwma orta bilim beriw mektepleri oqıwshılarınıń oy-órisi, pikirlewi hám dúnyatanımın jámiyettiń maqset hám wazıypaların ámelge asırıwshı kúshke aylandırıwda ruwxıy-ádep-ikramlılıq tárbiya ayrıqsha orın iyeleydi.

Ruwxıy-ádep-ikramlılıq tárbiya hám jaslarǵa baylanıslı mámleketlik siyasat tiykarındaǵı jas áwladtı tárbiyalawdıń maqseti shın mánisindegi jaqsılıqqa

jetelewshi, adamgershilik pazıyletlerdi qáliplestiriwshi ideya bolıp tabıladı. Jaslardıń bilim alıwı, kásip-óner iyelewi ushın jaratılıp atırǵan sharayatlar mámleketimizdiń tálim-tárbiya sistemasınıń orayında turǵan ruwxıy-ádep-ikramlılıq tárbiyanı jetilistiriwden ibarat. Tárbiyanıń bul túri shaxs mánawiyatın rawajlandırıw máselesi menen tıǵız baylanıslı bolıp, onıń tiykarǵı wazıypası oqıwshı jaslarda joqarı ádep-ikramlılıq pazıyletler, ruwxıy jetiklik hám ruwxıy kelbetti qáliplestiriwden ibarat.

Ruwxıylıq – adamlardıń filosofiyalıq, huqıqıy, ilimiy, kórkem, ádep-ikramlılıq, diniy túsinikleriniń jıyındısı. Ruwxıylıq ideologiya, pikirlew túsiniklerine jaqın hám olar bir-biri menen baylanıslı bolǵan túsinikler. Ruwxıylıq – insannıń sanası, aqılıy qábileti, ruwxıy keshirmeleri jaqsılıqlarǵa, jaqsı niyetlerge tolı júregin sáwlelendriwshi kóp qırlı túsinik [1.289].

Insannıń erkinlikke, ádillikke, kamalǵa keliwge umtılıwı, dóretiwshiligi ruwxıy zárúrlikleri sebepli júzege shıǵadı. Insan óz tábiyatına qarama-qarsı halda emes, al oǵan múnásip túrde jasawı kerek. Usı mániste mánawiyat ózin-ózi jaratıw jumısınıń mazmunı bolıp esaplanadı. Ruwxıylıq sociallıq hádiyse sıpatında bir ǵana shaxstıń sanasına baylanıslı bolmay, onıń rawajlanıwı, jetilisiwi ulıwma milliy tájiriybe arqalı ámelge asadı. Mánawiyat júdá keń kólemli túsinik bolıp, onı bir sóz benen ańlatıw júdá qıyın.

Ruwxıylıq – insan intellekti hám ruwxiy dúnyasınıń úylesimi sıyaqlı quramalı sociallıq jaǵday. Ruwxıylıqtıń mazmunı, ámeliy áhmiyeti, ásirese, jámiyet turmısında túpkilikli reformalar alıp barılıp atırǵan dáwirlerde ayqın kózge taslanadı. Mámlekettiń kúsh-qúdiretin ruwxıy bárkamal bolǵan adamlar ǵana belgileydi. Xalıq hám jurt mápi hár bir xızmet procesinde, háreketlerde, óz ara qatnasıqlarda, jámáátlik turmıs tárizi hám tártip-qaǵıydaların húrmet etip, oǵan ámel etiwdi talap etedi. Usı kózqarastan qatnas jasaǵanda, mánawiyat minez-qulıq túsinigi menen tıǵız baylanıslı ekenligi kórinip turadı.

Ádep-ikramlılıq – adamlardıń bir-birine, shańaraqqa, jámiyetke bolǵan qatnasıqlarında kórinetuǵın háreket, minez-qulqı hám tártipler jıyındısı. Huqıqtan parıqlı túrde, ádep-ikramlılıq talapların orınlaw-orınlamaw ruwxiy tásir kórsetiw formaları (jámiyetshilik tárepinen baha beriw, islengen islerdi maqullaw yaki qaralaw) menen belgilenedi. Insaniyat rawajlanıwında ádep-ikramlılıq áhmiyetli orin tutadi. Shiǵistiń ullı oyshılları insannıń ádep-ikramlı jetilisiwi, onı hár tárepleme rawajlandırıw, ruwxiy kelbetin qáliplestiriw jámiyet rawajlanıwınıń áhmiyetli faktorlarınan biri dep qaragan [2.530].

Ádep-ikramlılıq – jámiyetlik sananıń formalarınan biri. Adamlardıń tariyxıy qáliplesken minez-qulqı, júris-turısı, jámiyetlik hám jeke turmıstaǵı óz ara, sonday-aq, jámiyettegi qatnasıqlardı tártipke salıwshı turaqlı, belgili norma hám qaǵıydalar jıyındısı. Bizge belgili, kúndelikli ádep-ikramlılıq normaların bekkemlemesten, miynet intizamına qatań ámel etpesten, adamlardıń shólkemlestiriwshiligi hám juwapkershiligin joqarı basqıshqa kótermesten, sociallıq turmıs tárizin jaqsılawǵa erisip bolmaydı. Bunday jaǵdaydı júzege keltiriw ádep-ikramlılıq tárbiyasınıń wazıypalarınan biri. Ádep-ikramlılıq normaları adamlardıń is-háreketlerinde óz kórinisin tabadı. Ádep-ikramlıqtıń minnet, húјdan, ar-namıs sıyaqlı bir qatar kategoriyaları bar. Ádep-ikramlılıq jámiyette túrli funkciyalardı atqaradı. Olar arasında tómendegiler en áhmiyetlisi esaplanadı: 1) adamlar arasında túrli qatnasıqlardı muwapıqlastırıw; 2) adamlar iskerliginiń insanıylıq qádiriyatları hám mánzillerin belgilew; 3) shaxstı sociallastırıw. Adamlardıń iskerligin muwapıqlastırıp, ádep-ikramlılıq olardı adamgershilikli, jaqsı, hadal, ádil qatnasıqlarǵa iytermeleydi [3.40-41]. Ádep-ikramlılıq jámiyet rawajlanıwınıń tayanıshı, adamlardı mudamı jaqsılıqqa shaqıratuǵın faktor sanaladı.

Insannıń ádep-ikramlılıq sheńberindegi is-háreketleri ádep-ikramlılıqtı óz ishine aladı. Ádep-ikramlılıq insan haqqında jaǵımlı tásir oyatatuǵın, biraq shańaraq,

jámáát, jámiyet hám insaniyat turmısında ózgeris payda etetuǵın dárejede áhmiyetke iye bolmaytuǵın is-háreketlerden ibarat bolsa, ádep-ikramlılıq belgili bir jámiyet, zaman hám insaniyat tariyxı ushın keri tásir etiwi múmkin bolǵan hár qıylı is-háreketler jıyındısı bolıp qaladı.

Ádep-ikramlılıq ózin jaqsılıq hám jawızlıq, ádillik, adamgershilik, pidayılıq sıyaqlı sociallasqan túsinik hám principlerde kórsetse, minez-qulıq jaqsılıq hám jamanlıq, minnet, qayırqomlıq, miymandoslıq sıyaqlı túsiniklerde sáwlelendiredi. Ádep-ikramlılıq kishipeyillik, hújdanlılıq, sabırlılıq, hadallıq, haqıyqatlıq sıyaqlı ádep-ikramlılıq normalarında óz kórinisin tabadı.

Ádep-ikramlılıq qaǵıydaların biliw menen birge, onı ámelde qollanıw arasında óz ara baylanıslılıq bolıwı zárúr. Adamlardıń ámeliy iskerligi hám minez-qulqı onıń ruwxıy-ádep-ikramlılıq isenimine sáykes keliwi kerek. Eger olar arasında ayırmashılıq baqlansa, tárbiya procesi tolıq ámelge asırılmaǵanlıǵı belgili boladı. Biziń pikirimizshe, ádep-ikramlılıq insannıń ishki dúnyası, isenimi, pazıyletleri sıpatında bar bolsa, ádep-ikramlılıq insannıń kózge taslanatuǵın múnásipligi, minez-qulqı, qatnas tárizi bolıp esaplanadı.

Tálim-tárbiya sistemasında oqıwshı jaslarda unamlı minez-qulqıdıń qáliplesiwi ádep-ikramlılıq tárbiyanıń tiykarǵı shárti bolıp esaplanadı. Ádep-ikramlılıq tárbiyası degende endi qáliplesip atırǵan, rawajlanıp atırǵan, ósip kiyatırǵan áwladta minez-qulıq normalarına sáykes keletuǵın sıpatlardıń qáliplesiwi túsiniledi. Ádep-ikramlılıq tárbiya - bul bilim alıwshılardı sociallıq-ádep-ikramlılıq normalar mazmunınan xabardar etiw, olarǵa ádep-ikramlılıq normasınıń sociallıq turmıstaǵı áhmiyetin túsindiriw, sociallıq-ádep-ikramlılıq normalarǵa degen húrmet sezimin qáliplestiriw tiykarında aqılıy mádeniyatın qáliplestiriw [1.26].

Biziń pikirimizshe, ádep-ikramlılıq tárbiyası oqıwshılarda úyrenilgen teoriyalıq ádep-ikramlılıq bilimler tiykarında shaxs iskerligin shólkemlestiriw boyınsha

kónlikpe hám tájiriybelerdi qáliplestiriw, ádep-ikramlılıq sıpatların qáliplestiriwge, ádep-ikramlılıq normalarına ámel etiwge úyretilip barılatuǵın pedagogikalıq process. Onda insan qádir-qımbatınıń tiykarı bolǵan puqaralıq wazıypa hám juwapkershilikti ańlatıwǵa itibar máselesi de názerde tutıladı.

Ruwxıy hám ádep-ikramlılıq mádeniyat mazmunı boyınsha óz xalqınıń qádiriyatları hám dástúrleri, tilin biliw, húrmet etiw, milliy maqtanısh sezimi, ádep-ikramlılıq úlgilerdiń bar ekenligi hám kúndelikli turmısta olardan úlgi alıw, bos waqıtların mazmunlı ótkeriwde nátiyjeli usıllardan paydalanıw, jeke potencialın rawajlandırıw sıyaqlılardı ózinde jámleydi. Ruwxıy-ádep-ikramlılıq mádeniyat hár qıylı qatnasıqlar: bilim alıw, dóretiwshilik hám miynet iskerligi procesinde kórinedi.

Ruwxıy-ádep-ikramlılıq tárbiya – jas áwladtı xalıqtıń bay milliy-mádeniy, tariyxıy dástúrlerine, úrp-ádetleri hám ulıwmainsanıylıq qádiriyatlarǵa tiykarlanǵan nátiyjeli shólkemlestiriwshilik, pedagogikalıq forma hám quralları islep shıǵılıp, ámeliyatqa engiziletuǵın tárbiya [1.289].

Ruwxıy-ádep-ikramlılıq tárbiya oqıwshılarǵa jámiyettegi ruwxıy-ádep-ikramlılıq normalarınıń mazmunın túsindiriw, bul normanıń jámiyetlik turmıstaǵı áhmiyetin ańlatıw, olarda xalıqtıń milliy-mádeniy qádiriyatlarına tiykarlanǵan halda joqarı insanıylıq pazıyletlerdi qáliplestiriw, unamlı qatnasıqlarǵa kirise alıw kónlikpelerin sińdiriwden ibarat.

Oqıwshılardıń ruwxıy-ádep-ikramlılıq tárbiyasın shólkemlestiriw anıq maqsetke baǵdarlanǵan bir pútin pedagogikalıq process bolıp, bul processte tómendegi pedagogikalıq wazıypalar sheshiledi:

- Oqıwshılarǵa ruwxıy-ádep-ikramlılıq normalar hám de ádep-ikramlılıq qatnasıqlar mánisi hám olardıń jámiyet turmısındaǵı áhmiyeti haqqında maglıwmat beriledi.

- Oqıwshılarda ruwxıy-ádep-ikramlılıq bilimlerdi iyelewge bolgan zárúrlikti júzege keltiriw, ruwxıy-ádep-ikramlılıq sanasın qáliplestiriw.
- Oqıwshılarda unamlı mazmundaǵı ruwxıy-ádep-ikramlılıq pazıyletlerdi (bilimli bolıw, miynetkeshlik, kishipeyillik, miyrim-shápáát, watanǵa, xalıqqa muhabbat, ata-ana hám úlkenlerge húrmet, adamgershilik, saqawat, wazıypaǵa sadıqlıq hám basqalar) qáliplestiriw.
- Oqıwshılarda ruwxıy-ádep-ikramlılıq mazmunındaǵı minez-qulq, xarakter hám erk-ıqrardı qáliplestiriw.
- Oqıwshılardıń ruwxıy-ádep-ikramlılıq mádeniyatın qáliplestiriw.

Oqıwshılardıń ruwxıy-ádep-ikramlılıq pazıyleleriniń bekkemleniwi tariyxıy-obektiv sharayatta shaxs tárepinen jámiyet rawajlanıwı, adamlardıń óz-ara birge islesiwi, baylanıs sheńberleriniń keńeyiwi hám jetilisiwine kórsetiletuǵın tásirdiń unamlı, ortasha jaǵdayda bolıwın támiyinlewde kórinedi. Ruwxıy-ádep-ikramlılıq pazıyletlerdiń bekkemleniwi tómendegi ulıwma mazmun tiykarında júz beredi:
- oqıwshınıń ruwxıy-ádep-ikramlılıq dárejesi jámiyetlik qatnasıqlar procesinde, oniń jámiyetke, qorshagan ortalıqqa hám tábiyatqa bolgan qatnasında kórinedi;
- oqıwshınıń ruwxıy-ádep-ikramlılıq dárejesi jámiyettiń sociallıq-ruwxıy rawajlanıw dárejesine baylanıslı;
- oqıwshılardıń ruwxıy-ádep-ikramlılıq jetilisiwi obyektiv hám subektiv sharayatlardıń óz ara úylesiwi tiykarında shólkemlestiriletuǵın úzliksiz, sistemalı tálim-tárbiyanıń jolǵa qoyılıwı nátiyjesinde júzege keledi;
- oqıwshınıń ruwxıy-ádep-ikramlılıq jetilisiwi sociallıq qatnasıqlardıń jolǵa qoyılıwında unamlı nátiyjelerge alıp keledi.

Oqıwshılardıń ruwxıy-ádep-ikramlılıq tárbiyasın ámelge asırıw tómendegi principlerge muwapıq jolǵa qoyıladı:

1. Ruwxıy-ádep-ikramlılıq tárbiyanıń sociallıq-ideyalıq tiykarǵa iye ekenligi. Bul princip ruwxıy-ádep-ikramlılıq tálim-tárbiyanıń Ózbekstan Respublikası ǵárezsizligin bekkemlew, milliy ideologiya ideyaların oqıwshılar arasında úgit-násiyatlawda sáwlelenedi.

2. Ruwxıy-ádep-ikramlılıq tálim hám tárbiyanıń izbe-iz, sistemalı, úzliksiz shólkemlestiriliwi. Bul princip oqıwshılarǵa ruwxıy-ádep-ikramlılıq bilimler beriw, olarda sociallıq-ámeliy iskerlik kónlikpelerin payda etiw, ruwxıy-ádep-ikramlılıq tálim-tárbiya jumısınıń sistemalılıǵın támiyinlew, turaqlı shólkemlestiriliwine erisiwde kórinedi.

3.Ruwxıy-ádep-ikramlılıq tálim-tárbiya ideyalarınıń anıq maqsetke bagdarlanganlıǵı. Oqıwshılar arasında shólkemlestirilip atırǵan ruwxıy-ádep-ikramlılıq tárbiyanı jolǵa qoyıwdan gózlengen birden-bir maqset olarda ruwxıy-ádep-ikramlılıq pazıyletler, ruwxıy-ádep-ikramlılıq mádeniyattı bekkemlewden ibarat. Bul princip mine usı ideyanı sáwlelendiriwge xızmet etedi.

4.Oqıwshılardıń ruwxıy-ádep-ikramlılıq mádeniyatın qáliplestiriwge hár tárepleme (kompleks) qatnas. Bul princip oqıwshılardıń ruwxıy-ádep-ikramlılıq mádeniyatın qáliplestiriwde pánleraralıq integraciya, sabaqta, klassta hám mektepten tısqarı ruwxıy-ádep-ikramlılıq tálim-tárbiya jumısların shólkemlestiriwde óz sáwleleniwin tabadı. Ruwxıy-ádep-ikramlılıq tárbiyanı alıp barıwda shańaraq, bilimlendiriw mákemeleri, máhálle, jámiyetlik shólkemler, mámlekettiń bir-birine baylanısı úlken áhmiyetke iye.

1. Oqıwshılardıń ruwxıy-ádep-ikramlılıq tárbiyasın shólkemlestiriwde tariyxıy miyrasxorlıq hám de ulıwma insanıylıq hám milliy qádiriyatlar, olarda alǵa súrilgen ideyalarǵa tiykarlanıp islew. Bul princip ruwxıy-ádep-ikramlılıq tárbiyanı shólkemlestiriwde milliy, tariyxıy tájiriybe, sonday-aq, ulıwma insanıylıq hám milliy qádiriyatlar, olardıń ideyalarınıń tásir kúshine súenip háreket etiwdi ózinde sáwlelendiredi.

2. Jámiyetlik iskerliktiń insanıylıq hám demokratiyalıq ózgesheliklerge iye ekenligi. Bul princip oqıwshılardıń ruwxıy-ádep-ikramlılıq tárbiyasın shólkemlestiriwde adamgershilik hám demokratiyalıq principlerdiń ústemligin (oqıwshınıń shaxsın húrmet etiw, onıń qádir-qımbatın joqarı qoyıw, huqıq hám minnetlerin húrmet etiw) kórsetedi.

3. Ruwxıy-ádep-ikramlılıq sana hám iskerlik birligi. Bul princip ruwxıy-ádep-ikramlılıq bilimlerdi ózlestiriw, bul bağdardağı jumıstlardı shólkemlestiriw, oqıwshılar tárepinen ózlestirilgen teoriyalıq ruwxiy-ádep-ikramlılıq bilimlerdiń ámeliyatta orınlanıwın támiyinlew tiykarında bilimlerdi bekkemlew, tereńlestirip barıwdı ańlatadı.

Ruwxıy-ádep-ikramlılıq tárbiyanı shólkemlestiriw – xızmet procesi esaplanadı. Bul process tek ǵana unamlı pazıyletlerdi qáliplestiriwdi emes, al unamsız pazıyletlerdi saplastırıwdı, hár qanday ádepsiz is-háreketlerge qarsı gúreske oqıwshılardı xoshametlewdi de názerde tutadı. Ruwxıy-ádep-ikramlılıq tárbiya procesinde oqıwshınıń ózin-ózi tárbiyalawın kúsheytiwi úlken áhmiyetke iye. Ruwxıy-ádep-ikramlılıq tárbiya procesinde bárkamal shaxs tárbiyalanıp kamalǵa keledi.

Adamzat jámiyetiniń payda bolıwı menen adamlardıń turmısı, miyneti hám óz-ara qarım qatnası procesinde tárbiya payda boldı, tárbiyanıń payda bolıwına adamzat jámiyetiniń obyektiv ámeliy záruriyatları, insaniyattıń kúndelikli turmıs talapları hám hár túrli mútájlikleri sebep boldı. Xalıqlardıń qáliplesiw jolınıń negizinde tárbiya milliy bağdar beriwshi jol sanaladı.

Erte dáwirde mektep, tálim-tárbiya orayları bolmaǵanlıǵı sebepli, ata-babalarımız ózinen keyingi áwladqa kórgenlerin, esitkenlerin, bilgenlerin, jeke hám jámiyetlik tárbiyalıq xızmetinde toplanǵan tájiriybelerdi awızsha úyretti, miynetleri arqalı tásir kórsetti. Usılayınsha, balalardı turmısqa aralasıwǵa, miynet etiwge bir qálipte tárbiyalap bardı. Nátiyjede turmıslıq bilim, ámeliy tálim-

tárbiyalıq tájiriybelerdiń dúrdanası – xalıq pedagogikası qáliplesti hám biybaha miyras sıpatında biziń dáwirimizge kelip jetti. Mine usı xalıq miyrasları, pedagogika, jaslardı tárbiyalap kamalǵa jetkeriwde birden-bir tárbiya mektebi xızmetin atqarmaqta.

Jámiyetimizdiń kúnnen-kúnge rawajlanıwı insannıń turmıs, miynet hám óz ara qarım qatnasıq tájiriybeleriniń artıp barıwına, jas áwladqa tálim-tárbiya beriwide jańasha usılda ótkeriwge ayrıqsha itibar bermekte. Tálim-tárbiya beriw kásip ónerge aylandı, jazıw, oqıw, tájiriybe uyreniw, mektep, ustaz hám shákirt payda boldı. Solay eken, bugingi kúnde jaslardı «nege tayarlaw kerek» olardı «nege uyretiw lazım» hám «qalay úyretiw zárur» degen sorawlar pedagog hám ata-analardı oylandıradı, sebebi bala jámiyetimizdiń kúshli rawajlanıw barısında tuwılıp, jańasha pikirleytuǵın insandı payda etiw bárshemizdiń baslı wazıypamız.

## PAYDALANILǴAN ÁDEBIYATLAR

1. Hasanboyev J., To‘raqulov X., Usmanov N. Pedagogika fanidan izohli lug’at. – T.: Fan va texnologiya, 2009.
2. O‘zbekiston milliy ensiklopediyasi. 12 jild. – T.: O‘zbekiston milliy ensiklopediyasi Davlat ilmiy nashriyoti, 2000. – 1-j.
3. Falsafa: qomusiy lug’at (Tuzuvchi va mas’ul muharrir Q.Nazarov). – T.: Sharq, 2004.
4. Yusupov K.A. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda ádebiy materiallardı tallaw metodikası. Monografiya. – Tashkent: METODIST NASHRIYOTI, 2023. – 120 b
5. Юсупов К.А. Академиялық лицейлерде қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. Монография. – Нөкис: Qaraqalpaqstan, 2019. – 7 б.т. – 112 б.

6. Yusupov K.A. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwdıń ilimiy metodikalıq tiykarları. Monografiya. – Tashkent: NIF MSH, 2024. –154 b. UDK: 82 KBK: 83
7. Yusupov K.A., Yusupov I.K. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda innovaciyalıq-pedagogikalıq texnologiyalar. Oqıw qollanba. – Tashkent: METODIST NASHRIYOTI, 2023. – 120 b
8. Юсупов К.А. Академик лицейларда қорақалпоқ адабиётини ўқитиш методикаси (педагогика фанлари доктори (DSc) диссертацияси автореферати). – Нөкис, «Miraziz Nukus», 2021. – 4 б.т – 66 бет.
9. Юсупов К.А. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası. Sabaqlıq. – Tashkent: Sano-standart, 2018. – 21 б.т. – 336 б.
10. Yuspov KA Arnawlı pánlerdi oqıtıw metodikası. sabaqlıq. – Tashkent: INNOVATSIYA-ZIYO, 2022. – 19 б.т. – 304 б.
11. Юсупов К.А. Kórkem shıǵarmalardıń mazmunıń úyreniw metodikası. Oqıw qollanba. – Tashkent: Yosh avlod matbaa, 2021. – 23,75 б.т. – 380 б.
12. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw texnologiyaları. Oqıw qollanba. – Tashkent: INNOVATSIYA-ZIYO, 2022. – 9.3 б.т. – 144 б.
13. Юсупов К.А. Qánigelik hám pedagogikalıq ámeliyat. Методикалық қолланба. – Nókis: Ilimpaz, 2021. – 3.75 б.т. – 60 б.
14. Юсупов К.А. Ш.Сейтов прозасын таллаў усыллары. Методикалық қолланба. – Нөкис, «Miraziz Nukus», 2017. – 4 б.т. – 64 бет.
15. Юсупов К.А. Академиялық лицейлерде қарақалпақ әдебиятын сабақтан тыс жумыслар арқалы үйрениўдиң илимий методикалық мәселелери. Методикалық қолланба. – Nókis: Miraziz Nukus, 2018. – 5 б.т. – 80 б.
16. Юсупов К.А. Қәнигелик пәнди оқытыўда инновацион технология. – Nókis: Miraziz Nukus, 2015. – 6 б.т. – 96 бет.